



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ AVÈK LIDÈ LEJISLATI ETA YO POU METE SIBVANSYON IJANS DISPONIB POU TI BIZNIS, MÈT KAY AK LOKATÈ YO KI TE SOUFRI ENPAK NAN EKSPLOZYON KI TE FÈT NAN CHELSEA A**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Lidè Majorite Sena John Flanagan ak Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te anonse yon akò pou ede ti biznis, mèt kay ak lokatè yo jwenn aksè a finansman pou pèt ki pa t gen asirans ak domaj fizik yo te soufri akòz eksplozyon ki te fèt nan Chelsea a.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Eta ap kontinye travay lajounen kou lannwit pou asiste tout nouyòkè ke atanta teworis sa te enpakte epi ede katye vibran sa retounen nan nòmal li. Nou ap mete asistans ijans disponib imedyatman pou moun ki te soufri ekonomikman pandan eksplozyon an, epi nou pral kontinye travay deprè ak patnè lokal ak federal nou yo pou nou asire kominote ti biznis k ap byen evolye New York la yo gen resous yo bezwen. Alaswit atanta deplorab sa ki sot pase la, Nouyòkè yo montre kouraj yo ak rezistans yo san parèy – epi nou pral kontinye sipòte yo pandan tout wout rekiperasyon an.”

**Lidè Majorite Sena John J. Flanagan te di:** “Atanta teworis ki fèt nan Chelsea samdi swa se yon tantativ pou yo simaye lakrent nan kè ak nan lespri rezidan eta nou yo, men yo echwe. Antanke yon eta, nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou asire biznis ak rezidan nou yo k ap viv nan katye sa oswa ozalantou yo, retounen fè aktivite kotidyen yo osito ke posib. Se poutèt sa, mwenn kontan pou m mete ansanm ak Gouvènè Cuomo ak Pòtpawòl Heastie pou nou mete resous eta disponib pou soulaje pèt finansyè yo, epi ede moun k ap travay di sa yo kontinye avanse vè lavan.”

**Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te di:** “Dega atanta ki sot pase a koze nan katye Chelsea nan Manhattan lan san dout gen yon gwo enpak sou ti biznis, mèt kay ak lokatè yo. Anplis de 31 moun ki te blese nan eksplozyon an yo, kominote a ap konbat kounye a pou yo repare bilding ki kraze yo epi mentni estabilite ekonomi an pandan peryòd redrèsman. Lè nou founi ti biznis yo finansman pandan y ap fè efò sa yo, nou ka ede yo evite dezans finansyè epi pwoteje ekonomi lokal la.”

Eta ap travay aktivman epi agresivman pou asire ke tout rezidan ak biznis ki afekte yo rekipere yo byen rapid.

Depatman Sèvis Finansyè (Department of Financial Services, DFS) a pral travay dirèkteman avèk biznis ak rezidan yo pou soumèt reklamasyon asirans yo. Antanke regilatè endistri asirans lan, DFS pral travay avèk konpayi asirans yo pou trete

reklamasyon yo pi rapid epi rezoud nenpòt pwoblèm. Pou pèt ki pa gen asirans yo, eta pral ofri yon pwogram sibvansyon. Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) pral jere nouvo pwogram sibvansyon sa pou kouvri tout rès depans ki pa asire yo. Pwopriyetè biznis ak rezidan ki afekte yo dwe vizite minibis mobil la oswa rele liy asistans DFS pou Asirans Katastwòf la nan 800-339-1759 (lendi-vandredi, 8:30 AM rive 8:00 PM).

Eta pral travay tou pou detèmine elijibilite pou mèt kay yo, lokatè, biznis ak òganizasyon bi nonlikratif yo pou yo resevwa asistans atravè pwogram prè pou katastwòf ak prè pou domaj ekonomik katastwòf yo nan Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) lan yo. Selon Lwa Federal sou Ti Biznis lan (Small Business Act), Gouvènè New York la kapab sètifye bay SBA ke ti biznis ki sitiye nan zòn katastwòf yo soufri pwoblèm ekonomik, sa fè yo elijib pou yo aplike pou prè ijans yo.

Biwo Sèvis Viktim Eta (state Office of Victim Services, OVS), ap travay ak FBI, pou konekte viktim yo ak founisè OVS finanse yo, sa ki pral ede moun sa yo ranpli reklamasyon pou dedomajman frakti medikal ak lòt depans epi founi sèvis dirèk, tankou entèvansyon kriz, ak konsèy sikolojik. Moun k ap chache èd nan men OVS yo ka chache founisè sèvis sou entènèt nan: <https://ovs.ny.gov/locate-program>. Gen plis pase 50 ajans atravè Vil New York la ki kapab ede. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele 1-800-247-8035 oswa vizite: [www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov).

**Manm Kongrè Nydia M. Velázquez, Manm Eminan Komite Ti Biznis nan Lachanm (House Small Business Committee) lan te di:** “Li enpòtan pou nou itilize resous ki soti nan tout nivo nan gouvènman pou nou ede ti biznis yo rekipere yo aprè eksplozyon sa. Se sa k fè mwen mande Gouvènè a pou l sètifye te gen domaj ekonomik, ki pèmèt ti biznis yo aplike pou asistans SBA. Mwen swete Gouvènè a kontinye avanse etap sa byen rapid.”

**Manm Kongrè Jerrold Nadler te di:** “Bonb ki dechire zantray katye Chelsea samdi ki sot pase a raple Nouyòkè kapasite nou genyen pou nou mete tèt ansanm pou reponn lè gen yon trajedi. Sikatris atanta sa pral rete pou lontan, kòm temwen, yon lòt fwa ankò, enpak teworis sou Vil nou an. Nenpòt lè yo atake Nouyòkè yo, nou kanpe ansanm pou nou pote kole bay gason, fanm, ak fanmi ki frape yo, ak premye sekouris ewoyik nou yo pou efò vanyan yo ap fè yo. Li enpòtan pou nou pote kole pou moun Chelsea ki te afekte nan destriksyon ki sot pase a la yo. Mwen mete chapo ba pou Gouvènè Cuomo ak Lejislati Eta New York la paske yo aji rapid pou mete sou pye pwogram prè ijans pou ti biznis atanta sa te enpakte yo, epi mwen swete sa ka ede pote soulajman yo byen bezwen pandan nou kontinye ap rekipere nou apre atanta sa.”

**Senatè Brad Hoylman te di:** “Kòm nou wè ament repriz, New York se yon vil ki vin pi fò anfas eprè. Pandan Chelsea ap kontinye montre rezistans ak espri jenewozite tipik pou Nouyòkè a, gen anpil lòt rezidan ak pwopriyetè biznis lokal yo ki kontinye santi repèkasyon atanta teworis ki sot pase wikenn dènye a. Mwen vrèman rekonesan a Gouvènè Cuomo paske l founi finansman pou asire ti biznis eksplozyon Chelsea a te enpakte yo ka chape epi kontinye sèvi katye solid nou an.”

**Manm Asanble Richard N. Gottfried te di:** “Ti biznis yo enpòtan anpil pou lavi ekonomik ak sivik nan Chelsea, epi lè nou ede biznis yo travèse kriz sa, sa ede nou tout. Li enpòtan pou gouvènman eta ak vil nou yo la pou yo ede. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak lidè lejislati yo paske yo te reponn rapid pou founi asistans sa.”

**Manm Konsil Corey Johnson te di:** “Biznis lokal nou yo ap kontinye resezi yo apre atanta sa, sa vle di, asistans sa pral ede yo anpil. Fèmti fòse yo ka gen yon gwo enpak sou rantabilite ti biznis yo, sa vle di nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou ede ti biznis yo retounen jan yo te ye anvan eksplozyon an. Aksyon byen rapid Gouvènè Cuomo te pran yo reprezante meyè lidèchip nan ka ijans, epi mwen vle remèsye l ak lejislatè nou yo nan Albany pou sipò enpòtan sa yo bay kominote nou an.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418